Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУНИБ

Гъуниб районалъул газета

Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ.

Шияб Гъуниб

ЦIияб канлъи

Батlи-батlиял заманазда газета къватlибе бачlунаан гьал цlараздa гьоркь

№ 39 (6979) ♦♦♦♦ рузман ♦♦♦♦ 22 июль 2016 с. ♦♦ ♦♦ Багьа 10 гъурущ.

**26 ИЮЛЬ - ДАГЪИСТАН РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛ КОНСТИТУЦИЯЛЪУЛ КЪО**

## Дагъистаналъул халкъазул миллияб байрам




ХIурматияб гъунисезул жамагIат! РакI-ракIалъ баркула нужеда нилъер республикаялъул Конституциялъул къоялъул байрам!

Гьеб буго нилъер цолъиялъе рухI гъолеб хазинаги тадбирги.

Конституциялъ Дагъистаналъул гражданазе кьун руго гIатIидал ихтиярал, гьелдаго цадахъ тIадаблъун гьабун буго Конституция, законал, гьезул кьучIалда къабул гьарурал нормативиял актал ва цогидалги нормаби цIунизе. Жакъа республикаялъул Конституциялда рекъон, нилъеда церечIун руго щибаб хъизаналъул гIумруялъул даража борхизабиялда, пачалихъалда ва жамгIиятaлда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хъинтIулел гIемерал социалиялгун экономикиял суалал тIуразариялъул масъалаби. РакIчIараб буго районалъул гIадамазги, РФялъул халкъазулгун гьудуллъиги цолъиги щула гьабулаго, социалияб ахIвал-хIал лъикIлъизабиялъулъ лъикIал хIасилал росизе рукIиналда.

Баркиялда цадахъ гьарула нужее щулияб сахлъи, талихIрохел, рекъел, район ва тIолабго Дагъистан цебе бачиналъе гIоло бахъулеб хIаракаталъул унго-унгояб хIасил.

*«Гъуниб район» муниципалияб гIуцIиялъул администрациялъул бетIер Пахрудин МУХIАМАДОВ*

**18 СЕНТЯБРЬ - РИЩИЯЗУЛ КЪО**

# ХIадурлъи гьабулеб буго



МахIачхъалаялда Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда букIана гьаб соналъул 18 абилеб сентябралда рукIине ругел рищиязда бан, гьаризе кколел тадбиразда тIасан районазул ва шагьаразул муниципалиял информациялъул аллатазул хIалтIухъабазул «Гургинаб стол». Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул БетIерасул гIакълучи Азнаур Аджиевас ва республикаялъул ХIукуматалъул, цоги министерствабазулгун ведомствабазул, рищиязулаб комитететалъул вакилзабаз.

Аслияб къагIидаялъ данделъараздехун вуссун хитIабалъулаб кIалъай гьабуна Дагъистан республикаялъул Рищиязулаб комиссиялъул Председатель МухIамад Дибировас. Гьес бицана Россиялъул Федерациялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде гьединго республикаялъул муниципалиял ришиязул компания унеб бугеб ахIвал-хIалалъул.

Данделъаразул рижарал суалазе кьуна чIванкъотIарал жавабал.

**НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ**



## ГIумахан БАХАЧАЛОВ:
## «ГIАДАМАЗ ЦIОДОРЛЪИ ГЬАБУНИ БОКЬИЛААН...»

***Нилъеда лъала ракIалдаго гьечIого нилъер гIумруялда кколел цо-цо рекъел гьечIел ишал. Хадур бокьаниги бокьичIониги рекеризе ккола ихтиярал цIунулел идарабазул хIалтIухъабазухъе. Амма цо-цо мехалъ кватIунги ккун ратула. Гьеле гьелъул хIакъалъулъ бицана гьал къоязда «Гъуниб» газеталъул редакциялде гьоболлъухъ вачIун вукIарав Россиялъул МВДялъул Гъуниб районалда бугеб цIех-рехазулаб отделалъул следователь, юстициялъул капитан ГIумахан Бахачаловас.***

*(Хадусеб 2 гьум.)*

**БАЙРАМ**

***Гьаб соналъул 23 абилеб июлалда КIогьориб росдал жамагIаталъ тIобитIулеб буго Росдал къо. Гьелда бан гьаризе хIисабалде росун руго гIемерал тадбирал. РачIине руго машгьурал гIадамал, палугьаби... РукIине урго батIи-батIиял къецал, кIалъаял, церерахъинал. Гьеб кинабго бихьизе рес буго гьеб къоялъ кIагьадерида цадахъ байрам кIодо гьабизе рачIаразе.***




## ГIагараб росу

*Огь, дун гIураб тIалъи, дир инсул росу,*
*ГIумрудул саназул свин гьечIеб канлъи.*
*ГIелалъ кьер хисулеб, херал дагьлъараб,*
*Мун гIадаб хирияб гьечIо дие бакI.*
*Дида цебе чIола КIогьориб росу,*
*СалтIе квер гIунтIулеб Самухалъул мегъ,*
*Зимилагун ЧIутIахъ гьайбатал рохьал,*
*ГIацIале унелъул тIокIкIарал ицал.*
*Алдаб мегIералъул гIебаб каранда*
*«Бакъул календараз» бицуна нилъей,*
*Умумузул гIакълу ва росдал тарих,*
*Щибаб сухъмахъалъул къисагун сарин.*
*РекIей хIалхьи гьечIел, хIалтIулъ кIвахъ гьечIел,*
*Ругодай гIадамал дир росулъ гIадал.*
*Дир тIадмагIаруллъи, тIалабазул си,*
*Рохел буго дие дур яслъун йикIин.*

*Изабелла ХIАМЗАЛОВА*



*НИЖЕР ГАРА-ЧIВАРИ*

## ГIумахан БАХАЧАЛОВ:
## «ГIАДАМАЗ ЦIОДОРЛЪИ ГЬАБУНИ БОКЬИЛААН...»

*(Байбихьи 1 гьум.)*

**Гьес лъугIизабуна гIагараб КIуяда росулъ школа, МахIачхъалаялда юридикияб факультет, хъулухъ гьабуна армиялда. ВатIаналда цебе налъи тIубайгун вачIана милициялде хIалтIизе. ТIоцеве вукIана Лаваша районалда. Гьелдаса хадув хIалтIизе лъугьана гIагараб Гъуниб районалъул жанисел ишазул отделалде. Байбихьана участкаялъулав инспекторасул хIалтIудаса. Гьанже лъагIалидаса цIикIкIараб заман буго тIадехун бицен гьабураб иш тIубазабулеб бугелдаса.**

***- ГIумахан, дур гьитIингойищ милициялъул хIалтIуде рокьи бижараб, яги мун гьениве ракIалда гьечIогойищ карав?***

- БитIун бицани, школалда цIалулеб заманалдаго гьаб цIех-рех гьабулезул хIалтIи бокьилилан кколаан дида. Дир гьудул-гьалмагъзаби ва гIагарлъиги букIана гьеб ишалда хурхараб хIалтIуда. Гьелъги ракI цIазабуна дир школа лъугIарабго юридикияб факультет тIаса бищизе. Хадув дун вукIана Леваши районалда хIалтIулев, цинги вачIана Гъуниб районалде. Участкаялъулав инспекторлъун хIалтIизе ккана Кьорода, КIогьориб, Гъуниб росабалъ. Гьедин щвараб хIалбихьигун хIалтIулев вуго цIех-рех гьабулеб отделалда.

***- Жакъа дуца гьабулеб гьеб хIалтIул дагьаб мухIканго бицани...***

- Нижер вуго кIиго следователь. Аслияб кIагIидаялъ рукIуна уголовниял делаби. ГьабсагIат районалда цIикIкIун хIалтIи гьабизе ккола буго бикьи гIадаб такъсиралда сверухъ. Исанаги гьеб бачIунеб буго тIоцебесеб бакIалде. Гьелда гьоркьор руго школалъул ригьалъул лъималги лъеберго соналде щвезегIан ругел гIолилалги.

Гьаб соналъул бащдаб лъагIалида жаниб гьабизе ккун буго щуго уголовнияб дело. Гьеб щуябго лъугIун, битIун буго судалде. Гьелда гьоркьоб ункъо буго гьебго бикьиялда сверухъ гьабураб дело. Цо хIалтIи гьабун буго гIадамал махсараде тIамун гьабурабги.

Масала, рокъоса жо босун батана КIуяда. Гъуниб гьоркьа заправкаялда бикъун батана телефон. Гьедин исана ккараб такъсиалъул рагьичIеб хIужа гьечIо. Гьоркьисаги букIана гьебго бикъ-цIогь. Аслияб къагIидаялъ гьеб ккун бугоан районалъул росабалъе гьоболлъухъ рачIаразухъа. Гьединазда гьоркьор ратана цыганал. Гьединал хIужаби тIатинарун рукIана Кьорода, Ругъжаб, ЧIохъ-Коммуна, КIуяда.

Гьаб бащдаб лъагIалида жаниб районалда ккараб бихьа-хьамиялдалъун ккараб зарал бахун батана 257506 гъуршиде. Гьеб бетIергьабазухъе тIадбуссинабизеги хIаракат бахъана.

Гьединал такъсирал районалда ккеялъе кумек гьабулеб буго живго гIадамасул тасамахIлъиялъ, минаби кIулал чIвачIого теялъ. Рокъоре рачIарал лъаларел чагIаздехун божилъи гьабулеб буго. Къаси гьоболъухьги тун, радал гIарац бикъун унелги камулел гьечIо. Нилъеца магIарул гIадат гьоболлъи цIунулилан абунги тохлъи кколеб буго.

Гьеб суалалда сверухъ бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабула росабалъ ругел участкаялъулал инспектораз. Гьединго нижерго начальникги щола бакI-бакIазде гIадамалгун дандчIвазе.

***- Ахиралдаги сунде кIвар буссинабизе дуе бокьилаан?***

- Дица гьелъул хIакъалъулъ гьадин бицина. Дун Кьорода учаскаялъул инспекторлъун вугеб мехалъ гьениб ккун букIана херай гIаданалъул рокъоса гIарац бикъиялъул хIужа. Гьебги гьабун батана рокъое гьоболлъухъ йиччантун йикIарай жиндаго цееккун лъалей чIужугIаданалъ. Гьей кквезе щвана. ГIарацги нахъе кьуна.

Цоги гьардухъаби абун, рокъоре рачIарал чагIаз тохлъизаюн херай гIадангун, КIуядаги бикъун батана гIарац. Буйнаксалде щун, ккуна гьеб такъсир гьабурал чи. Гьезие кколеб тамихIги гьабуна.

Гьединлъидал дие бокьилаан гIадамаз сундаго аскIоб цIодорлъи гьабизе, къватIире-жанире унеб мехалъ нуцIби рахай, идарабазда рукIине кколеб къагIидаялъ хъаравулзаби хIалтIизе, сигнализацияби, видиокамераби хIалтIизаризе...

*«Гъуниб» газеталъул пресс-хъулухъ.*

*РОСАБИ ВА ГIАДАМАЛ*

## Свак лъаларей ГIайшатги туристазе бакI балев Суракъатги



*Свак лъаларей ГIайшат*

НакIазухъ буго кIудияб рохьалъ сверун ккураб росу. ГьабсагIаталда гьениб гIумру гьабулеб буго лъебергоялдасанги цIикIкIун хъизамалъ. ГIадамазул буго жинди-жиндир магIишат. Аслияб къагIидаялъ гьез хьихьулел руго наял ва гIи-боцIи.

Масала, нижеда гьений жиндирго боцIи-панзгун ятана ГIайшат МухIамадова. Гьей йигоан ракI разияй, аваданай гIадан. Жиндирго гьабулеб букIараб хIалтIиги рехун тун, ГIайшат лъугьана нижее гьоболлъи гьабизе. Гьелъ гьираялда бицана жиндирго магIишаталъул. Кьогоялдасанги цIикIкIун сон буго ГIайшатил гьедин йигелдаса.

Щибаб кьоялъ радал сагIат щугоялдасан нахъе гьелъул чIараб-тархъараб заман букIунарилан бицана. Жакъа кьоялде щвезегIан жинцаго бецун, мугъалъ баччун, данде гьабун буго 15-16 тонна харил. Свак абураб жо лъалебго гьечIоан ГIайшатида. Шагьаралда ругел шартIаздасан къураб жо щибго гьечIоан гьелъул мина-къаялъулги. КъваригIараб бакIалдеги ине буго жийго бетIергьанаб машина.



*Суракъатица туристазе балеб бакI*

Аслияб къагIидаялъ МухIамадова ГIайшатица бетIербахьи гьабулеб буго рахь, хIан, гьан бичун. Риидалил заманалда гьелъухье гьоболлъухье рачIунел руго вац, яцал ва гьезул лъимал.

Шагьар бокьуларин абуна ГIайшатица. Росулъ гIумру гьабизе бигьаяб бугин абуна гьелъ. Мунго цохIо ракIбакьван йикIуларищан суал кьураб мехалъ, гьелъ абуна гIадамазда кIалъазегIан, боцIуда мацI бицинего бигьаяб бугилан.

ХIакъикъаталдаги гьениб букIана унго-унгояб парахалъи... Диегоцин бокьун бачIана росулъго гIумру гьабизе.

Гьединго нижеда бихьана Суракъат абурав чиясул хIаракаталдалъун гьебго росулъ туристазе хIухьбахьиялъе балеб бугеб бакI. Гьенир нижеда устарзаби гурони ратичIо. Гьабулеб бугеб хIалтIухъ балагьараб мехалъ, ракIалде ккана, къватIиса хIукуматазде инегIан нилъерго тIабигIаталда бокьилилан.

Гьениб бугеб берцинлъиялъ, гьава-бакъалъ ва тIабигIаталъ хIасрат гьарун рукIана ниж. Гьениб гьечIо телефоналъул бухьен. Гьебги рекIее гIуна киназего. ГьабсагIаталда гIадамаз балагьулеб буго телефоназдасанги хIухьбахьи гьабизе бакIцин!.

Гьеле гьединаб бакI букIине буго НакIазухъ росулъ. Гьеб нахъа танагIан цересаго унел рукIинчIо НакIазухъа свак лъаларей ГIайшат ва гьениб Суракъатица туристазе балеб бакI. Нилъ чIухIизе бегьула гьединал гIадамал нилъер районалда гIумру гьабун рукIиналдаса.

*Марина МУХIАМАДОВА*

*НИЖЕХЪЕ ХЪВАЛЕБ БУГО*

## Росдайго хIажатай

МахIачхъалаялда лъикIаб хIалтIиги тун жидерго унтарай эбелалъул тIалаб гьабизе жиндирго гIагараб СалтIе росулъе ячIана МухIамадова Гулисат. ГIемерго заман иналде гьелъ бана жидерго азбаралъуб гьитIинабго тукен, пекарня. Гьениб жаниб камураб жо щибниги гьечIо, росдал гIадамазе унтаразе херазе щиб бокьаниги гьениб чIезе гьабула ва бокьараб тIалаб тIубазабула.

Чи хвараб яги къварилъи ккараб рокъобе садакъа гьабизе гьезул гьариялда рекъон 300-400 чед бежула.

СалтIа росдал гIадамаз хасго унтараз херази ракI-ракIалъго Гулисатие баркала кьола ва гьаб кечIги газеталдасан сайгъат гьабула.

*Инсул азбаралъуб гвангъараб чирахъ*
*Квал-квалди узданай гIедерал кверал*
*Кирго лъалкIал тана дуца гьаб росулъ*
*КIвахI лъарарей Гули свак гьечIей Гули.*
*ГIаданлъи цIикIкIарай рагIи камилай*
*ГIадамазда жаниб рагIи бильарай*
*Дур росдал гIадамазе хIеренаб калам*
*Дур бажариялъе гIадан гIунтIиларо*
*Росдал гIадамазул мурад тIубалей*
*Гьезие хIажатаб чIезе гьабулей*
*Херал унтаразул мурадал тIуран*
*Ана гьаб росулъ дур анцIабгоги сон.*
*Гьеле дур гIаданлъи бищунго лъикIаб*
*Чилъиги намусги духъ цIикIкIараб буго*
*РакI-ракIалъ баркала дуй загьир гьабула*
*Халатаб гIумру кьун йохун хутIайги.*

*Абакаров МухIамад ХизрихIажиевич*

# ВЕСТНИК ГУНИБА № 10


## Глава района вручил семье Гимбатовых из селении Хиндах медаль «За любовь и верность»

14 июля 2016 года, глава администрации МО «Гунибский район» Пахрудин Магомедов совместно с заместителем ПатиматАбакаровой, начальником управления социальной защиты населения Сапият Муртазалиевой, с выездом на дом вручили медаль «За любовь и верность» семейной паре Гимбатовых из селения Хиндах.

Супруги Гусейн и Хадижат Гимбатовыпрожили более 45 лет. Их большая дружная семья известна своим добрым отношением к людям и отзывчивостью.

Гусейн Саадуевич работая механиком в учреждениях потребсоюза, бытового обслуживания населения, зарекомендовал себя, как добросовестный, исполнительный, знающий свое дело работник, неоднократно награждался почетными грамотами и благодарственными письмами руководства и вышестоящих организаций.

Его супруга Хадижат Цихиловнауспешно совмещала работу, общественную деятельность и воспитание детей. Более полувека ее жизни посвящены обучению и воспитанию подрастающего поколения. Со дня окончания института – с 1965 года она работает преподавателем физики в средней школе родного села Хиндах. Работала завучем организатором, более десяти лет руководила объединенной Хоточ-Хиндахской средней школой, неоднократно поощрена почетными грамотами и благодарственными письмами руководства района, является отличником народного образования Республики Дагестан.

В любви и согласии супруги воспитали шестерых достойных, уважаемых детей – пятерых дочерейи сына, которые получили достойное образование и теперь воспитывают своих детей (12 внуков) по примеру родителей, прививая им любовь к труду, уважение к старшим, целеустремленность и упорство в достижении целей.

Вручая с поздравлениями награду, глава района Пахрудин Магомедов пожелал Гимбатовым здоровья, счастья, благополучия, исполнения всех жизненных планов.

«Я считаю, что любая семья, способная сохранить любовь и верность на протяжении более 30 лет, уже достойна награды, поскольку, семья – это труд, и такой труд и верность многолетнего служения друг другу, сохранение и продвижение здоровых семейных традиций, ценностей: любви, верности, ответственности, конечно, нужно поощрять. Ведь, крепкая, многодетная семья – счастливое будущее нашего района, республики, страны»,- – сказал глава района, еще раз поздравив и поблагодарив Гимбатовых.

Вместе с медалью, в качестве благодарности за умение хранить семейный очаг, активное участие в общественной жизни села, района, Пахрудин Магомедов вручилГимбатовым и грамоту администрации МО «Гунибский район» и памятный подарок.

## *О проведении обучающего семинара по курсу «Професианальные наблюдатели за выборными процессами в России».*

Алиев Магомед Абдулкадырович координатор Дагестанского центра избирательного права и процесса при Даггосуниверситете по Гунибскому району совместно с председателем ТИК Гунибского района объявляет о начале проведения обучающего семинара по подготовке профессиональных наблюдателей за выборными процессами в Гунибском районе.

Слушатели курса будут ознакомлены с федеральным и региональным законадательством о выборах, о правом статусе наблюдателей и их участии в избирательной компании 2016 года. Участниками курсов могут быть граждане, достигшие 18 лет, представители региональных политических партий, зарегистрированных на территории Республики Дагестан.

Дата и время проведения обучающего семинара: **28 июль 2016 г. начало 10часов.**

Место проведения: в актовом зале ( 2 – этаж) Администрации МО «Гунибский район».

***За справками обращаться по телефону 8 928 277 36 35, 8 960 410 16 70.***

## В летних лагерях

С 11 по 14 июля по поручению Главы администрации, рабочая группа комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав при администрации МО «Гунибский район»по осуществлению контроля и изучению ситуации в сфере организации летнего отдыха и оздоровления детей провела очередной рейдв летних лагерях «Каскад», «Крепость Шамиля», «Маяк», «Здоровье», расположенных на территории района.

В составе комиссии были ответственный секретарь КДН и ЗП УмаханЧупанов, старший инспектор ПДН ОМВД РФ по Гунибскому району Абдуварис Баширов, ответственный секретарь административной комиссии Алибулат Алибулатов, ведущий специалист по опеке и попечительству Эльмира Гаджиева, старший дознаватель ОНД и ПР № 14 ГУ МЧС РФ по РДИса Абдулаев.

В ходе проверки особое внимание обращалось на организацию круглосуточного медицинского обслуживания для оказания экстренной медицинской помощи, обеспечение безопасности детей и их имущества посредством организации круглосуточной охраны всей территории лагеря по периметру, включая организацию контроля доступа посторонних лиц и транспорта на территорию лагеря. Также члены рабочей группы проверяли соответствие санитарно-гигиенических условий требованиям Роспотребнадзора и соблюдение требований противопожарной безопасности.

В ходе объезда лагерей, члены рабочей группы провели беседы с детьми, с директорами, воспитателями лагерей, на котором, в частности, обсуждались меры безопасности во время отдыха.

## Информация с МФЦ

Агентство по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан объявляет конкурс по предоставлению грантов начинающим субъектам малого и среднего предпринимательства, в соответствии с приложением 7 государственной программы Республики Дагестан «Экономическое развитие и инновационная экономика», утвержденной постановлением Правительства Республики Дагестан от 22.12.2014 года №651.

Механизм предоставления грантов в виде субсидий за счет средств федерального бюджета предполагает поддержку субъектов малого и среднего предпринимательства, включая крестьянско-фермерские хозяйства и потребительские кооперативы, вновь зарегистрированные и действующие менее 1-го года, так же право на участие в конкурсе имеют лица от 14 до 30 лет желающие открыть свое дело но еще не зарегистрированные в качестве индивидуального предпринимателя.

Предоставление грантов претендентам осуществляется Агентством по предпринимательству и инвестициям РД. Условия их получения предполагают софинансирования не менее 15% от размера получаемых средств, а максимальный размер гранта не превышает 500 тысяч на одного получателя. Общий объем средств, предусмотренных в текущем году на указанные цели, распределяется следующим образом: гранты в сфере производства – 30%, гранты в сфере сельского хозяйства – 30%, гранты в сфере услуг- 20%, гранты в сфере туризма и народных художественных промыслов – 10%, гранты в сфере инноваций- 5%, гранты в сфере социального предпринимательства – 5%.




Претендент должен лично изложить в устной форме свой бизнес-проект на заседании конкурсной комиссии. Заявление на участие в конкурсе подаются через многофункциональные центры расположенный в каждом муниципальном образовании Республики Дагестан. Юристы многофункциональных центров ответят на все интересующиеся Вас вопросы, так же в МФЦ можно подать заявку на составление бизнес-плана по заданным заявителем параметрам.

Более подробную информацию по организации приема документов можно узнать во всех филиалах ГАУ РД «МФЦ в РД». тел. 89387778269

Прием заявок осуществляется с 1 августа 2016 г. по 31 августа 2016 г. по адресу: с.Гуниб Гунибский район.

## 25 000 рублей из средств материнского капитала

Воспользоваться правом на получение единовременной выплаты **в размере 25 000 рублей** из средств материнского капитала могут все семьи, которые получили (или получат право на сертификат на материнский капитал до 30 сентября 2016 года) и не использовали всю сумму капитала на основные направления расходования капитала*. Подать заявление на единовременную выплату могут все проживающие на территории РФ владельцы сертификата на материнский капитал вне зависимости от того, сколько времени прошло со дня рождения ребенка, давшего право на получение сертификата.

С 1 июля 2016 года заявление о единовременной выплате из средств материнского капитала можно будет подать в электронном виде через Личный кабинет гражданина на сайте ПФР. Воспользоваться данной услугой могут только граждане, имеющие подтвержденную учетную запись на Едином портале государственных и муниципальных услуг (gosuslugi.ru). При подаче заявления в электронной форме личное посещение гражданином клиентской службы не требуется.

*В связи с ожидаемым большим количеством обращений в клиентские службы ПФР по данному вопросу в ближайшие дни и во избежание больших очередей Пенсионный фонд рекомендует вам запланировать визит в ПФР в удобное для вас время с помощью сервиса предварительной записи на прием.*

# Рокьиги тIалабги

Гьал къояз ниж щвана тIасияб Гъуниб бугеб «Маяк» лагералде. ЧIахIияб лъималазул группа ун бугоан походалъ, гIисиналин абуни расандулел ругоан лагералъул гIатIидаб азбаралда ва спортплощадкаялда. Бихьулеб букIана гьеб лъималазе хIухьбахъи гьабизе бугеб эркенлъиги, лъималазул рохелги.

Гьениб хIухьбахъи гьабулеб буго Дагъистаналъул батIи-батIиял шараздасан ва районаздасан 200ялде гIагарун лъималаз. Аслияб къагIидаялъ гьенир руго ресукъал ва лъимал гIемерал хъизамазул лъимал. Гьеб лагералъул директор ГI. СагIидовалъ къокъго бицана гьениб бугеб ахIвал-хIалалъул.

Лагералда хIалтIулел руго тIадегIанаб лъайги бугел тарбиячагIи. ХIалтIи гIуцIун бугин хассаб режималда рекъон. ЧIезарун руго лъималазе хIажатал шартIал. Лъабго ригьалъ буго лъикIаб квен ва полдник. Гьениб хIухьбахъи гьабулел руго 8-I4 сонал лъималаз. БатIи-батIиял бакIаздасан рачIарал рукIаниги, гьенир гьел ругоан цо хъизамалъул лъимал гIадин. Лагералда кинха нуж ругел абун суал кьураб мехалъ, гьез цадахъ жаваб кьуна лъикIго бугилан. Лъималаздехун рокьигун гьабулеб буго лагералда хIалтIулез жидерго тIадаб халтIиги.





*Марина МУХIАМАДОВА*

## ЭРКЕНАБ ЗАМАНАЛДА

# РагIикъотI

*Адабияталъул тарихалдасан*




**ГIОДОБЕ:**

1. Рецц-бакъалъе кочIохъе хъвараб ЦIияб соналъул гьудуллъиялъулаб … 3. ХъахIаб росулъа МахIмудил йокьулелъул цIар. 4. «Айдемир ва Умайгьани» абураб пьесаялъул автор ЦIада росулъа машгьурав поэтасул цIар. 6. КIалзул гьунар, литература. 7. Поэтаз кучIдузулъ рехсолев гIиял цевехъан. 8. ХъахIаб росулъа МахIмуд йокьулейги хъамун рештIараб Унсоколо районалъул росу. 12. Хъвай-хъвагIаязда лъолеб тIанкI. 14. ГIанхил Маринипа кочIолъ рехсарав Сугъралъ росдал наибасул инсул цIар. 15. Цо-цо кочIоца рекIелъе лъугьинабула гIажаибаб …

**ГIЕБЕДЕ:**

2. Хъвай-хъвагIаялъул алат. 5. БакьагьечIиса ЧIанкIал хIакъикъияб цIар. 9. Мухбирас газеталъе хъвала… 10. «БитIун ккани рокьи, мекъи ккани …» (МахIмуд) 11. Рокьи гьоркьоб гьечIеб кьалул хабаралъ, кьоларо дие кеп кин … (МахIмуд). 13. Ругъжаса Эльдариласул ЧIохь росулъ вукIарав гьоболасда цIар. 16. Музыкалияб тIагIел. 17. КIалъа-басай.

*РагIикъотI гIуцIана Пайзулагь ГIИСАЕВАС*

## Цо чанго рагIудалъун...

**ГIОБОХ.** КъачIалеб буго росулъе бачIунебги жанисебги нух.

***

**БУХТИБ.** Жанисел нухазда тIад гьабулеб хIалтIуда цадахъ байбихьун буго канализация бачинеги. Гъутада къватIазда лъолел руго чирахъал.

***

**ХIОТIОЧIИБ.** Канализациялъул масъала тIубазабизе балагьун чIун руго гьениб хIалтIизе трактор бачIиналъухъ.

*ПатIимат ЖАВАТХАНОВА*

## АБУНДАЧ…

Лъимал гьарулеб рукъалъул кIиабилеб этажалде вахаравго гьав кинаб рахъалдехун иневали лъаларого хутIана.

Цойидасанго йихьана гьанжего гьанже гьабураб лъабго лъимерги бачун уней хъахIаб халгIат ретIарай ва гьединабго тIагъурги лъурай гIадан.

- Щив дуца валагьулев?- абун кьварун гьикъана гьелъ.
- Мирианашвили Кетеван, дирго лъади.
- Баркула дуда…
- Баркала… дида лъала…
- Гьанире риччаларогури. Щиб мун тIоцебесеб нухалъищ щолев вугев?
- Йохъ, … кIиабилеб нухалъ. Дунги гьанив гьавуна.

***

КIиго магIарулав вукIун вуго шагьар тирулев. Цояв тIоцебесеб нухалъ щолев вукIун вуго гьениве. Тира-сверулаго паркалде щварал гьазда гьениб рагIун буго хIанчIил берцинаб «чIичIи». Гьадаб хIинчIго щибдаян гьикъун буго тIоцебесеб нухалъ щолес. Гьеду бугилан жаваб кьун буго шагьар бихьарас, жиндаго кинабго жо лъалеблъи бихьизабулеб гIадин. Нилъер доба гьадил додинаб гьаракь букIунарилан абун буго авцояс. Шагьаралда гьудул гIурус мацIалда чIичIидулилан гьесги абун буго.

## ЗИГАРАБИ

Гъуниб школалъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго **ГIАЙШАТ ХIАСАНОВНА** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьелъул вацасда ва тIолабго гIагарлъиялда. Гьелъие алжан насиблъаги, нахъе ругезе гIумру кьеги.

КЦСОНалъул хIалтIухъабазул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго КъутIбудинов ГIалида (эмен), Шарапудинова Асиятида (эбелалъул вац) ва тIолабго гIагарлъиялда **КЪУТIБУДИНОВ МУХIАМАД** хвеялда бан. Аллагьас гьесие ахират лъикIаб кьун батаги, нахъе ругезе сабру кьеги.

Гъуниб районалъул газета

БетIерав редактор
МухIамад КЪЕБЕДОВ
92-01-17
Электроннияб адрес:
Gunibgazeta@mail.ru

Газета гIуцIараб:
Муниципалияб автономияб учреждение «Гъуниб» районалъул газеталъул редакция»
Редакциялъул адрес:
368340. Гъуниб росу,
имам Шамилил къватI, 32

Учредителем Муниципального автономного учреждения «Редакция газеты» Гуниб» является Администрация Муниципального образования «Гунибский район»

Газета бахъизе байбихьана 1923 соналда. БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана «МагIарулав», «ЦIияб Гъуниб», «ЦIияб канлъи» абурал цIараздагьоркь.

Газеталъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз

Газета перерегистрирова на Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 19 февраля 2013 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ5-00239

Газета къватIибе биччана ООО «Издательство «Лотос» типографиялда
367000, РД, МахIачхъала шагьар, Петр 1 проспект, 61
Заказ №__________
Тираж - 1000
Печаталъе гъулбасана - 16.30